



Department of Health

ANDREW M. CUOMO
Governor

HOWARD A. ZUCKER, M.D., J.D.
Commissioner

LISA J. PINO, M.A., J.D.
Executive Deputy Commissioner

Enstriksyon pou Resevwa Vaksen COVID-19 la Pwogram Vaksinasyon Eta New York la Faz 1A

Byento se ka tou pa ou pou resevwa vaksen COVID-19 la nan Eta New York!

Kounye a gen de vaksen COVID-19 ki disponib, epi Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) ak yon gwoup travay ki fèt espesyal ak ekspè medikal ak syantifik nan Eta New York jije to tou de san danje epi efikas.

Vaksen yo disponib tou gratis pou ou.

Ou pral bezwen de dòz nan menm vaksen an pou yo ka vaksine ou konplètman.

Men yon fason ki fasil pou chèche konnen si se tou pa ou: Swiv lyen sit entènèt sa a pou wè si ou kalifye pou yon vaksen. Tanpri ale nan <https://am-i-eligible.covid19vaccine.health.ny.gov/> pou chèche konnen.

Paj entènèt la ap mande enfòmasyon tankou non ou, kote ou rete, ak sa ou fè pou viv. Si ou nan yon gwoup priyorite ki kalifye pou vaksinasyon kounye a, sit la pral montre ou lokal founisè swen sante ki tou pre ou ki ka ba ou vaksen an. Jis chwazi youn ou prefere, epi pran randevou a.

Si se poko tou pa ou, ou ka retounen tcheke nenpòt lè pou chèche konnen lè moman rive.

Si ou gen nenpòt lòt kesyon sou pwosesis sa a oswa kesyon jeneral sou vaksen an, tanpri ale nan <https://covid19vaccine.health.ny.gov/frequently-asked-questions> oswa nan <https://covid19vaccine.health.ny.gov/what-you-need-know> pou aprann plis.

Pa gen vaksen ki 100% efikas. Pandan ke ou ap rete tann pou pran vaksen an e menm nan kèk semèn **apre** ou fin resevwa tou de dòz yo mande yo, ou dwe asire w ke ou kontinye:

- Mete mask
- Pran distans sosyal ak lòt moun (omwen 6 pye apa)
- Pratike bon jan ijyèn men